

PENDIDIKAN KARAKTER NOVEL LEMAH TELES

ANGGITANIPUN SELA ISTIGFARI



SKRIPSI

Kasusun kangge njangkepi saperangan syarat salebeting nggayuh gelar
Sarjana Pendidikan Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah

Dening:

Tutik

2350900014

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH

FAKULTAS KEGURUAN DAN ILMU PENDIDIKAN

UNIVERSITAS VETERAN BANGUN NUSANTARA

SUKOHARJO

2025

SESANTI

"Sabar iku ingaran mustikaning laku."

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِذَا قِيلَ لَكُمْ تَفَسَّحُوا فِي الْمَجَالِسِ فَافْسَحُوا يَفْسَحِ اللَّهُ لَكُمْ وَإِذَا قِيلَ
انْشُرُوا فَانْشُرُوا يَرْفَعِ اللَّهُ الَّذِينَ آمَنُوا مِنْكُمْ وَالَّذِينَ أُوتُوا الْعِلْمَ دَرَجَاتٍ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ

خَيْرٌ

Artinya:

"....., niscaya Allah akan mengangkat (derajat) orang-orang yang beriman di
antaramu dan orang-orang yang diberi ilmu beberapa derajat. Dan Allah
Mahateliti apa yang kamu kerjakan." QS. Al-Mujadillah :11

ATUR PISUNGSUNG



1. Kulawarga ingkang sanget
asihipun dhateng kula, awit saking
panyengkuyunganipun ingkang
awujud moral, material, saha
spiritual.
2. Almamater Universitas Veteran
Bangun Nusantara Sukoharjo.
3. Kulawarga ageng SMP Ma'arif
Ngawi.

PANGIRING

Puji syukur konjuk dhumateng Gusti Allah ingkang sampun paring rahmat, nikmat, saha hidayah satemah panyeratan skripsi kanti irah-irahan *Pendidikan karakter* Novel Lemah Teles Anggitanipun Sela Istigfari saged kaleksanan kanthi lancar boten wonten alangan satunggal punapa. Skripsi punika kaserat kangge jangkepi saperangan syarat nggayuh gelar sarjana ing Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo

Seratan skripsi punika saged kawujud kanthi pitedah, arahan, bimbingan, saha panyengkuyung saking sedaya pihak wiwit purwaka ngantos paripurnanipun skripsi punika. Kanthi raos bombong ing manah, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Prof. Dr. Farida Nugrahani, M.Hum. minangka Rektor Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo, ingkang sampun paring fasilitas inggih punika sarana kangge ngangsu kawruh wonten kampus.
2. Dr. Singgih Subiyantoro, M.Pd., Dekan Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Bangun Nusantara sukoharjo, ingkang sampun maringi idin kangge damel lelampahaning skripsi.
3. Tri Widiatmi, S.Pd., M.Pd. Pangarsa Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Universitas Bangun Nusantara sukoharjo, ingkang sampun maringi panuntun panyeratan skripsi punika saged paripurna kanthi lancar.
4. R. Adi Deswijaya, S.S., M.Hum. Dosen Pembimbing ingkang sampun maringi

kawruh, wewarah saha panuntunan dhumateng panaliti saking purwa dumugi paripurnaning skripsi punika.

5. Pradnya Paramita H, S.S., M.Pd. Dosen Penguji ingkang sampun maringi wewarah saha panutan dhumateng paneliti satemah skripsi punika saged paripurna.

6. Sedaya dosen pengajar saha staf karyawan Program studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Fakultas dan Ilmu Keguruan Universitas Bangun Nusantara Sukoharjo, ingkang sampun paring kawruh dateng paneliti.

7. Sedaya Keluarga ingkang sampun nyengkuyung saha mboten kendhat anggenipun paring donga saha motivasi.

8. Sedaya Kanca kula ingkang katresnan sampun paring donga saha semangat ingkang tanpa wates.

Panaliti rumaos bilih skripsi menika taksih dereng sampurna, pramila panyaruhipun saha pamrayogi saking sedayanipun tansah katampi kanthi bingah lan renaning penggalih. Wasana, kanthi raos andhap asor panaliti gadhah pangajab mugè-mugè skripsi punika saged wonten paedhahipun kangge sedayanipun ingkang maos.

Sukoharjo, ... September 2025

Panaliti

ABSTRAK

TUTIK. NIM 2350900014. *Pendidikan karakter Novel Lemah Teles Anggitanipun Sela Istigfari*. Skripsi. Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan, Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo, 2025.

Penelitian berlatar belakang karya sastra dalam wujud novel yang ada di Indonesia. Membahas novel *Lemah Teles* karya Sela Istigfari, bukan hanya mengenai ceritanya melainkan mengenai *Pendidikan karakter* yang ingin disampaikan pengarang kepada pembacanya. Tujuan penelitian ini untuk menjelaskan wujud *nilai-nilai Pendidikan karakter* dalam novel dan menjelaskan implementasi *nilai-nilai Pendidikan karakter* dalam novel terhadap *Pendidikan karakter* siswa SMP.

Penelitian dengan judul *Pendidikan karakter Novel Lemah Teles Anggitanipun Sela Istigfari* ini menggunakan landasan teori tentang pengertian karya sastra, pengertian novel, pengertian *Pendidikan karakter*. Manfaat dari penelitian ini terbagi menjadi dua, yaitu manfaat teoretis dan manfaat praktis.

Jenis penelitian ini adalah kualitatif. Metode yang digunakan dalam penelitian ini adalah metode deskriptif kualitatif. Teknik pengumpulan *data* dalam penelitian ini adalah teknik Pustaka, teknik catat, dan teknik catat. *Data* penelitian berupa uraian dalam wujud kata, frasa, dan kalimat yang terdapat dalam novel yang berkaitan dengan *nilai-nilai Pendidikan karakter*. Sumber *data* penelitian adalah novel *Lemah Teles* Karya Sela Istigfari.

Hasil penelitian ini mengandung wujud *Pendidikan karakter* berupa *Pendidikan karakter* yang berkaitan manusia dengan Tuhan, *Pendidikan karakter* yang berkaitan manusia dengan diri sendiri, *Pendidikan karakter* yang berkaitan manusia dengan orang lain, *Pendidikan karakter* yang berkaitan manusia dengan lingkungan serta implementasi *Pendidikan karakter* Novel *Lemah Teles* Karya Sela Istigfari.

Kata kunci: novel. *Pendidikan karakter*

SARINING PANALITEN

TUTIK. NIM 2350900014. *Pendidikan karakter Novel Lemah Teles Anggitanipun Sela Istigfari*. Skripsi. Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan, Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo, 2025.

Panaliten kanthi larah-larahan yasan sastra wujud novel ingkang sumebar wonten Indonesia. Ngrembag babagan novel Lemah Teles karya Sela Istigfari, sanes namung ngengingi cariyosipun ananging ngengingi *Pendidikan karakter* ingkang badhe dipunandhraken dening panyerat dhateng para pamaosipun. Ancasing panaliten menika kangge ngandharaken wujud *nilai-nilai Pendidikan karakter* salebeting novel saha ngandharaken implementasi *nilai-nilai pendhidhikan karakter* salebeting novel tumrap *Pendidikan karakter* siswa SMP.

Panaliten kanthi irah-irahan *Pendidikan karakter* Novel Lemah Teles Anggitanipun Sela Istigfari menika ngginakaken landhesan teori babagan pangertosan yasan sastra, pangetosan novel, pangertosan *Pendidikan karakter*. Paedah saking panaliten menika kaperang dados kalih, inggih menika paedah teoretis saha paedah praktis.

Jinis panaliten menika awujud panaliten kualitatif. Metodhe ingkang dipunginakaken salebeting panaliten inggih menika metodhe deskriptif kualitatif. Cara ngempalaken *data* salebeting panaliten menika ngginakaken teknik Pustaka, teknik maos, saha teknik catat. *Data* salebeting panaliten arupi deskripsi awujud tembung, frasa, saha ukara ingkang kinandhut salebeting novel ingkang sesambetan kaliyan *nilai-nilai Pendidikan karakter*. Sumber *data* panaliten inggih menika novel Lemah Teles Anggitanipun Sela Istigfari.

Asiling panaliten menika ngemot wujud pendhidhikan karakter arupi *Pendidikan karakter* gegayutanipun antawis manungsa kaliyan Allah, pendhidhikan karakter gegayutanipun antawis manungsa kaliyan pribadhinipun, pendhidhikan karakter gegayutanipun antawis manungsa kaliyan tiyang sanes, pendhidhikan karakter gegayutanipun antawis manungsa kaliyan lingkungan saha implementasi pendhidhikan karakter novel Lemah Teles Anggitanipun Sela Istigfari.

Tembung kunci: novel, *pendidikan karakter*

BAB I

PURWAKA

A. Larah-larahing Perkawis

Pendidikan karakter minangka salah satunggaling peranan ingkang wigatos ing *sistem pendidikan nasional*, amargi nggadhahi *peran strategis* kangge nyithak pribadi ingkang nggadhahi *moral*, budaya, lan nggadhahi *integritas*. Ing satengahing *arus globalisasi* lan enggalipun *teknologi*, *degradasi moral* lan *sosial* sangsaya rame, mligi ing donyaning para siswa. Perkawis punika ndadosaken wigatosipun *integrasi nilai-nilai Pendidikan karakter* ing saben aspek pasinaon, mliginipun ing *bidang sastra* (Suyanto 2009).

Pendidikan karakter mboten namung nuwuhaken kaprigelan *intelektual*, ananging ugi nuwuhaken *nilai-nilai moral, etika, lan sosial*. Salah satunggaling peranan ingkang wigatos ing *pendidikan karakter* inggih punika tatakrama. Tatakrama inggih punika paugeran *sopan-santun* ing pabrayan, ingkang sanginggilipun rasa panuwun, tatabasa, lan tindak- tanduk dhateng tiyang sanes, langkung-langkung dhateng tiyang sepuh, dwija utawi tiyang ingkang kinormatan. Kahanan punika ndadosaken tatakrama minangka pilar penting ing pambentukan karakter siswa kedah dados pasinaon ing sekolah lumantar media pasinaon.

Media minangka satunggaling sarana *efektif* kangge nyinaoni tatakrama, inggih punika kados ta yasan sastra, mliginipun novel. Novel

saged



dados perangan ingkang wigatos kangge nuwuhaken *Pendidikan karakter* (Mudyat, M. 2024).

Ing konteks pendidikan sekolah, sastra saged dipun-ginakaken minangka *bahan ajar* ingkang *integrative*, tegesipun, siswa boten namung dipunwucal anggenipun maos lan mangertosi *struktur teks* sastra, ananging ugi dipunajak ngrembag *nilai-nilai* luhur ingkang kakandhut wonten ing salebeting cariyos. Novel nuwuhaken *pengalaman* batos tumrap siswa lumantar *identifikasi* paraga lan *konflik* (Nur Kartika Sari, C. G., & Arifin, Z. 2022).

Yasan sastra minangka perangan wigatos saking kabudayan manungsa, awit ing salebeting yasan sastra ngandhut *gagasan*, raos, lan kabetahan gesang ingkang *kompleks*. Yasan sastra mboten namung sesambetan kaliyan sedaya panglipur, nanging uga dados perangan ingkang saged nuwuhaken *kesadaran* moral, sosial, lan spiritual tumrap para maos. Lumantar salebeting cariyos, paraga latar, lan konflik ingkang kapacak ing satunggaling yasan sastra, saged nuwuhaken *nilai-nilai* luhur ingkang saged dados piwulang gesang. Kanthi mekaten, yasan sastra nggadhahi paedah langkung, inggih punika minangka *ekspresi estetis* lan minangka *pendidikan* ingkang mujudaken kawruh budaya. Yasan sastra, mliginipun novel, saged nuwuhaken *inspirasi*, tuntunan, lan panuntun ingkang dadosaken para pamaos saged ngrasuk piwulang saking pengalamanipun para paraga ing cariyos (Ma'rifah, I. 2022).

Novel *Lemah Teles* anggitan Sela Istigfari kalebet satunggaling

anggitan yasan sastra Jawa *modern* ingkang sugih isi, mliginipun babagan *nilai-nilai pendidikan* lan *filosofi* gesang. Wonten ing ngandhap punika salah satunggaling tuladha salebeting novel babagan *nilai Pendidikan*.

Nalika nandang prihatin Dewi peduli marang pabrayan kanthi nyengkuyung proyek anyar ing Desa, kanthi tujuan sosial yaiku ningkataken kahanan ekonomi warga, nglirwakake awake dhewe. Dewi nyambut damel kanthi mepeng supados proyekipun kasil.

Dewi minangka sosok ingkang gadhah raos peduli sosial ingkang kiyat. Nalika kahanane piyambakipun ngrasakake prihatin, Dewi tetep milih nyengkuyung proyek anyar ing desa kang kagayut kaliyan peningkatan ekonomi warga. Tindak kasebut nuduhake yèn Dewi luwih ngutamakake kabecikan bebarengan tinimbang kepentingan pribadine. Piyambakipun gelem ngorbanake wektu lan tenaga kanthi nyambut damel kanthi mepeng, amarga Dewi yakin bilih proyek sosial punika saged maringi pangaribawa positif tumrap warga desa. Sikape sing tansah mikirake kabutuhan masyarakat lan gelem melu tanggung rasa iku nggambarake nilai peduli sosial sing luhur, mratandani yèn Dewi nduwèni komitmen gedhe kanggo majuning pabrayan. Irah-irahan novel *Lemah Teles* nyariyosaken lelampahan wanodya saking titik lemah sanget (*emosional* lan *fisik*), ngrasuk raos trenyuh, lan pungkasanipun ngrembaka dados wanita ingkang langkung wicaksana lan teteg. Ing novel punika, cariyos gesang para paraga dipunandharaken kanthi rinci, kalebet lelampahanipun ngadhepi kahanan ingkang angel, sisahipun manah, kahanan *sosial*, lan kahanan budaya ingkang raket kaliyan kabudayan Jawi. Ing salebeting lelampahan menika, para paraga nuwuhaken piwulang-piwulang gesang ingkang jumbuh kaliyan *nilai-nilai Pendidikan karakter*,

kadosdene *nilai kerja keras, kejujuran, tanggel jawab, kahanan ingkang prasaja, sabar, lan mulyakaken sesrawungan.*

Lumantar cariyos ingkang narik kawigatosan lan migunani menika, Sela Istigfari satemah sampun nyengkuyung satunggaling anggitan sastra ingkang mboten namung endah ing basa rinengga lan *alur* cariyos, ananging ugi nuwuhaken *nilai pendidikan* ingkang wigatos kangge mudha-mudhi. Ing jaman *globalisasi* punika, nalika *nilai-nilai moral* lan kabudayan lokal wiwit nemahi *degradasi*, *yasan sastra daerah* kados novel *Lemah Teles* saged dados *alternatif* panyengkuyung *karakter* lan anggegesang budaya Jawi.

Panaliten yasan sastra abasa Jawi, mliginipun ingkang dados *aspek nilai-nilai pendidikan*, taksih kirang dipundhudah kanthi lebet lan *sistematika*. Satemah, kanthi ngupadi aos lan *nilai-nilai* ingkang kakandhut ing novel punika, para siswa langkung saged mangertos saha ngalembana kabudayanipun piyambak saha nuwuhaken piwulang moral kangge gesang saben dinten.

Adhedhasar saperanganing piwulang karakter ingkang dipunpanggihaken ing nginggil, pramila panaliten punika mendhet irah-irahan

Pendidikan Karakter Novel Lemah Teles Anggitanipun Sela Istigfari.

Panaliten punika dipundamel kangge ngupadi lan medharaken *nilai-nilai pendidikan* ingkang wonten ing novel *Lemah Teles* amargi sugih isi, mliginipun babagan nilai-nilai pendidikan lan filosofi gesang. Panaliten punika dipunajeng-ajeng saged nyengkuyung *kontribusi* damel nuwuhaken *literasi sastra daerah, pangukuhan pendidikan karakter, lan ngleluri budaya*

Jawi. Panaliten punika ugi nggadhahi ancas kangge dadosaken bukti menawi *yaasan sastra* Jawa modern saged nuwuhaken piwulang gesang ingkang ngandhut teges saha jumbuh kangge jaman samangke, langkung-langkung ing salebeting *pendidikan formal* lan *non-formal*.

B. Thinthinganing Perkawis

Adhedhasar latar larah-larahing perkawis punika wonten maneka warni perkawis ingkang saged dipundadosake panaliten inggih punika:

1. Wujud *nilai-nilai Pendidikan karakter* ingkang kakandhut ing novel *Lemah Teles*.
2. *Nilai-nilai Pendidikan karakter* ingkang kakandhut ing novel *Lemah Teles* anggitanipun Sela Istigfari.
3. Bageyan-bageyan *instrinsik* pambangun ingkang kakandhut ing novel *Lemah Teles*.
4. Bageyan-bageyan *ekstrinsik* pambangun ingkang kakandhut ing novel *Lemah Teles*.
5. *Implementasi nilai-nilai Pendidikan karakter* ingkang kakandhut ing novel *Lemah Teles* anggitanipun Sela Istigfari tumrap *Pendidikan karakter* siswa SMP.

C. Watesaning Perkawis

Supados panyeratan skripsi punika boten ewah saking ancasipun, mila panyeratan netepaken watesan rembag. Kangge panutan panaliten supados langkung fokus lan boten ewah saking pamikiran ingkang wigati, amargi

novel *Lemah Teles* ngandhut isi ingkang wiyar, kalebet kahanan sosial, budaya, ekonomi, lan spiritual, mila panaliten punika dipunwatesi namung ngrembak aspek nilai-nilai pendidikan ingkang wonten ing isi criyos.

Watesan perkawis ing panaliten punika:

1. *Nilai-nilai Pendidikan karakter* ingkang kakandhut ing novel *Lemah Teles* anggitanipun Sela Istigfari.
2. *Implementasi nilai-nilai Pendidikan karakter* ingkang kakandhut ing novel *Lemah Teles* anggitanipun Sela Istigfari tumrap *Pendidikan karakter* siswa SMP.

D. Underaning Perkawis

Jumbuh kaliyan larah-larahing perkawis, pramila saged dipunpendhet underaning perkawis inggih punika:

1. Kadospundi *Nilai-nilai Pendidikan karakter* ingkang kakandhut ing novel *Lemah Teles* anggitanipun Sela Istigfari?
2. Kadospundi *Implementasi nilai-nilai Pendidikan karakter* ing novel *Lemah Teles* tumrap *Pendidikan karakter* siswa SMP?

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten punika minangka ancas pokok ingkang badhe dipunandharaken lumantar proses panaliten. Ancasing kasebut dipunandarake adhedhasar underaning perkawis, inggih punika:

1. Kangge mangertosi *Nilai-nilai Pendidikan karakter* ingkang kakandhut

ing novel *Lemah Teles* anggitanipun Sela Istigfari.

2. Kangge medharaken *Implementasi nilai-nilai Pendidikan karakter* ing novel *Lemah Teles* tumrap *Pendidikan karakter* siswa SMP.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten punika dipunajeng-ajeng nggadhahi paedah tumrap pihak-pihak tartamtu, paedahing panaliten punika dipunperang dados kalih, inggih punika:

1. Teoretis
 - a. Panaliten punika dipunajeng-ajeng saged nyengkuyung *khazanah ilmiah* dhateng bidang sastra, mliginipun sastra Jawa modern, kanthi mratelakaken *nilai-nilai pendidikan* ingkang kakandhut ing novel.
 - b. Nyumbangaken *bahan referensi* ingkang migunani tumrap panaliten salajengipun ingkang gegandhengan kaliyan *kajian nilai moral* lan *Pendidikan karakter* salebeting yasan sastra.
2. Praktis
 - a. Minangka sumber piwulang *alternatif* kangge para guru, siswa SMP, mliginipun *praktisi pendidikan* kangge mratelakake *nilai-nilai pendidikan* saking yasan sastra dhateng konteks pasinaon.
 - b. Nuwuhake *motivasi* lan *inspirasi* tumrap para pamaos, mliginipun generasi mudha, supados langkung ngormati *nilai-nilai* gesang lan kabudayan Jawi ingkang wonten ing yasan sastra.
 - c. Nyengkuyung kawigatosan masyarakat *akademik* tumrap pelestantuan sastra daerah minangka *sumber pendidikan* lan *pembangunan karakter*

bangsa.

G. Tatacara Panyeratan

BAB I : PURWAKA

Larah-larahing Perkawis, Thinthinganing
Perkawis, Watesaning Perkawis, Underaning
Perkawis, Ancasing Panaliten, Paedahing
Panyeratan, saha Tatacara Panyeratan

BAB II : LANDHESANING TEORI

Landhesaning Teori, Panaliten Ingkang Jumbuh
saha Cengkoronganing pamikir.

BAB III : METODE PANALITEN

Jinis lan *Pendekatan Panaliten*, *Data* saha
Sumber *Data*, Cara Ngempalaken *Data*, Cara
Pamriksan *Data*, saha cara Ngolah *Data*

BAB IV : ANDHARAN

Sinopsis saha asiling panaliten

BAB V : PANUTUP

Dudutan, implikasi, saha pamanggih.

KAPUSTAKAN

SIMPINGAN

BAB II

LANDHESANING TEORI

A. Landhesaning Teori

1. Pangertosan Yasan Sastra

Yasan sastra hakekatipun inggih punika wujud kasugengan, kasil aman saking sastrawan wonten ing kasugengan sakitar (Istiqomah, dkk. 2015: 1). Miturut Tarigan salebeting Sudiatni (2013: 38) ngandaraken yasan sastra inggih punika media supados panyerat ingkang gambaraken gagasan renunganipun babagan makna saha hakekatipun gesang ingkang dipuntindakaken, dipunraosaken saha dipunlampahi. Yasan sastra punika asiling karya manungsa ingkang ngginakaken angen-angen ing pribadine panganggit (Yanti, 2015).

Miturut Sumardjo lan Saini (1997:3), yasan sastra punika minangka gagasan tiyang ingkang adhedhasar pengalaman, raos, pamanggih, semangat, angen-angen, saha kapitadosan dhateng tema utawi pamanggih tartamtu, ingkang lajeng kaungkap wonten ing sawijining karya. Karya punika saged gadhah pangaribawa tumrap semangat, raos, emosi, saha pengalaman para pamaos.

Pamanggihipun Saryono (salebeting Yusuf Abdhul Aziz 2023) , ingkang nglantaraken bilih yasan sastra punika dipunwastani minangka kaprigelaning tiyang nggadhahi kamampuan ngrekam samukawis kedadosan, ingkang saged arupi pengalaman alamiah (natural), pengalaman empiris,

utawi



pengalaman ingkang boten kasat mata kados supranatural. Kanthi prasaja, yasan sastra saged dados saksi gesanging manungsa utawi siklusing gesang. Miturut Saryono, yasan sastra punika mboten tansah saged dipunpirsani minangka karya tulis kemawon.

Adhedhasar manéka pamanggih para ahli, yasan sastra saged kapratelake minangka karya kreatif manungsa ingkang medal saking pengalaman, raos, pamanggih, lan angen-angen panganggit. Yasan sastra ngemu makna lan gambaran gesang ingkang dipunraosaken lan dipunlampahi, sahingga dados cermining gesang manungsa. Kajaba punika, yasan sastra mboten winates minangka karya tulisan kemawon, nanging ugi minangka rekaman pengalaman alamiah, empiris, lan supranatural ingkang dipunwujudaken kanthi estetik..

2. Pangertosan Novel

Miturut Nurgiyantoro (2009: 9) novel inggih punika karya fiksi kabangun saking perangan pambangun, inggih punika perangan intrinsik saha perangan ekstrinsik. Novel utawi kasebat roman inggih punika prosa fiktif ingkang nggadhahi dawanipun tartamtu, nggambaraken lampahipun, obah owahipun adegan nyata ingkang representif salebeting alur ingkang radi riwet. Salajengipun miturut Abraham (salebeting Nurgiyantoro, 2009: 9) novel punika saking basa *Itali Novella* wonten harfiah punika tegesipun barang ingkang wujudipun enggal ingkang alit salajengipun dipunartosaken cariyos cekak wonten ing wujud prosa. Novel wonten ing pabrayan bebrayan amargi novel dipunwujudaken kaliyan bebrayan saking batin (emosional)

utawi kasunyatan wonten ing pabrayan bebrayan kaliyan tiyang sanesipun.

Miturut pamanggihipun Wellek lan Warren (1995: 282), novel punika dipunwastani minangka salah satunggaling bentuk fiksi modern ingkang nyariosaken pengalaman manungsa kanthi jangkah alur lan pangembangan karakter ingkang jembar. Novel boten namung nyuguhaken runtutan kedadosan, nanging ugi nggambaraken perkembangan watak, konflik batin, lan sosial gesang paraga. Kanthi makaten, novel dados media estetik ingkang saged nyinau, nyinaoni, lan ngetrepike manéka bageyan kamanungsan ingkang rumit lan kadang boten saged dipunucapaken kanthi cara langsung. Ing sajroning wujudipun, novel nyawisaken papan amba kangge panyerat mratelakake narasi, milih sudut pandang, lan nglantaraken gagasan, sahéngga para pamaos saged mangertosi gesang lan realitas sosial lumantar perspektif simbolis lan naratif.

Saking pamanggih-pamanggih wonten ing nginggil, saged kapratelakaken bilih novel punika minangka karya fiksi prosa ingkang nyariosaken pengalaman manungsa kanthi alur lan karakter ingkang anaka warna, ngemot unsur intrinsik lan ekstrinsik lan nggambarake realitas sosial lan batiniah lumantar narasi simbolis lan representatif. Novel boten namung nyuguhake kedadosan-kedadosan, nanging ugi ngandhut makna ingkang langkung jero gegayutan kaliyan watak, konflik, lan kahanan gesang bebrayan.

3. Pendidikan karakter

a. Pendidikan

Wonten ing etimologis, pendidikan saking basa Yunani "paedagogike", saking tembung "Pais" inggih punika Yoga" kaliyan tembung "Ago" inggih punika "Kula mbimbing". Dadosipun saged dipundudut paedagogike inggih punika kula mbimbing lare (Abu Ahmadi saha Nur Uhbiyati, salebeting Sholicah 2018: 25). Pendidikan inggih punika mbiyantu utawi nuntun saking tiyang ingkang nggadhahi tanggél jawab damel putra dhidhik usaha ndewasakaken manungsa amargiipun piwucal saha kaliyan gladen ingkang dipuntindakaken.

Miturut Tilaar (salebeting Sholehuddin, 2018: 79) *hakekat* pendidikan inggih punika manungsakaken manungsa. Miturut Ki Hajar Dewantata pendidikan inggih punika nuntun sedaya kekiyatan kodratipun lare supados manungsa saha supados warga saged nggayuh maslahat saha bungah inkang inggil. Salajengipun dipungandarake, manungsakaken manungsa utawi utawi proses humanisasi sampun mangertosi manungsa wujudipun sedaya wonten ing eksistensi manungsa piyambak.

Saking pamanggih-pamanggih wonten ing inggil, saged dipunpendhet dudutan bilih pendidikan yaiku proses mbimbing, nuntun, lan ngembangaken kodrat lare dados manungsa ingkang wicaksana, nggadhahi martabat, lan migunani. Pendidikan ngupadi manungsakaken manungsa (*proses humanisasi*), kanthi mbangun *eksistensi* manungsa adhedhasar *nilai*, martabat, lan kinurmatan.

b. Karakter

Miturut istilahipun wonten pangertosan karakter antawisipun :

- 1) Winnie (salebeting Gunawan 2012: 2) ngandharaken bilih karakter nggadhahi kalih pangertosan. Setunggal, mujudaken solah bawa. Umpami tiyang tindak-tandukipun boten jujur, kejam serakah punika saged nggambaraken tumindak ala, kosokwangsulipun umpami tiyang tindak-tandukipun jujur, remen tetulung saged dipunwastani tindak-tandukipun mulya. Angka kalih, wredi *karakter* punika kiyat gegayutanipun kaliyan *personality*. Tiyang punika saged dipunsebat nggadhahi karakter sae amargi solah bawanipun trep kaliyan *kaidah moral*.
- 2) Miturut Imam Al- Ghozali (salebeting Gunawan 2012: 3). karakter inggih punika langkung cedak kaliyan akhlak. Karakter inggih punika spontanitas manungsa tumindakipun utawi tumindak ingkang manunggal kaliyan badanipun manungsa supados umpami wujudipun punika boten dipunraosaken.
- 3) Miturut Kamus Besar Bahasa Indonesia (2008:682) pusat bahasa departemen pendidikan nasional tembung karakter inggih punika sipat-sipat *kejiwaan*, akhlak, utawi budi pakerti, solah bawa, *personalitas*, sipat, *tabiat*, utawi watak. Babagan karakter punika boten medal saking akhlak, moral, budi pakerti luhur, saha etika ingkang sedayaipun nggadhahi makna kathahipun sami.

Wonten ing Kamus Besar Bahasa Indonesia (2008: 27) akhlak supados budi pakerti utawi tindak-tandukipun. Miturut ing istilah akhlak inggih punika ilmu ingkang ngandarake babagan sae saha ala, ngatur sesambetanipun manungsa kaliyan tiyang sanes, saha nemtokaken ancas

saking upadi saha pendamelan (Habibah, 2015 73). Imam Abu hamidi Al-Ghazali (2002: 4) ngandharaken akhlak punika sipat ingkang wonten ing salebeting jiwa saha ndadosaken lelelampahan-lelampahanipun ingkang gampil tanpa dipungalih sederengipun. Moral saged dipunwastani etika, ingkang ngrembag manungsa saking sudut pandangipun.

Wonten ing Kamus Besar Bahasa Indonesia pusat bahasa Departemen Pendidikan Nasional (2008: 215) ngandaraken bilih budi inggih punika alat batin ingkang sesambetan kaliyan akal saha raosipun nimbang sae kaliyan ala. Salajengipun budi makna sami kaliyan akhlak, solah bawa, tabiat, kesopanan. *Etika* punika saking basa Yunani, "ethos" inggih punika adat utawi pakulinan. Miturut Purbawatja (salebeting Buseri, 2014: 227) *etika* inggih punika filsafat babagan *nilai*, asusila sae saha ala. Wonten ing Kamus Besar Bahasa Indonesia *etika* inggih punika ajaran ingkang sae saha ala babagan tindak-tanduk, sikap, kewajiban lan sanes-sanesipun.

Saking pamanggih-pamanggih wonten ing inggil, saged dipunpendhet dudutan bilih karakter punika pribadi batin manungsa ingkang arupi solah bawa, tindak tanduk, lan sikap moral. Karakter nggambaraken watak sejati tiyang adhedhasar akhlak, budi pekerti, etika, lan *nilai-nilai* moral, ingkang nuntun tumindhakipun kanthi spontan lan *konsisten*.

c. Pendidikan Karakter

Pendidikan karakter miturut Thomas Lickona (1991) (salebeting

Gunawan, 2012: 23) Pendidikan punika awujud tindak-tanduk lan laku tiyang nalika nglelampahi paugeran budi pekerti, ingkang asiling katon ing pakaryan nyata, kados ta tindak-tanduk sae, tanggel jawab, ngajeni hakipun tiyang sanes, nyambut damel kanthi temen, saha sanes-sanesipun.. Syafaruddin (2012: 181) ngandharaken *Pendidikan karakter* proses ingkang ndadosaken para siswa kagungan tindak-tanduk khas nalika nglampahi gesang ing prabayan. Para siswa boten namung mangertosi pendidikan minangka ilmu kemawon, nanging ugi mangertosi gegayutaning pabrayan lan sumerep bilih pabrayan punika dados dhasaripun nilai-nilai punika. *Pendidikan karakter* wonten Al-Qur'an punika pitedhah manungsa medal saking pabrayan ingkang peteng (kasesat) tinuju padang (lurus) (Q.S. Al- Ahzab, 33:43); nglurusaken manungsa saking pabrayan ingkang lepat tumuju ingkang leres (QS. Al-Jumu'ah, 62:2).

Syaikh Shaffiyyurrahman al-Mubarakfuri (2016: 79) ngandharaken bilih *Pendidikan karakter* punika medal kaliyan risalahipun saking Allah Subhanahu Wa Ta'ala, kajawi punika suri tauladhan ingkang sae Nabi Allah Muhammad Shalallahu Alaihi Wassalam nggadhahi kaistimewaan wonten ing tabiatipun ingkang sae, akhlak ingkang mulya, saha sipatipun damel tauladhan ingkang sae. Nabi Shalallahu Alaihi Wassalam punika tiyang ingkang linangkung, mligi saking muru'ah (anjaga kasucianipun saha kinurmatanipun), sae akhlakipun, agung wonten adab kaliyan tetanggi, agung kawicaksananipun, jujur lisanipun, lembut watakipun, suci jiwaniipun, derma anggenipun kabijakan, sae wonten ing amal, nepati janjinipun sarta amanah

ngantos dipunwastani *Al-Amin*.

Miturut Suwito (salebeting Munirah, 2017: 39) kathahipun perkawis *akhlak* dipun-gayutaken kaliyan perkawis sosial, amargi *akhlak* dados simbol pabrayan wonten bangsa. (salebeting 2015: 62) ndhidhik *akhlak* manungsa utawi siswa sadayanipun sampun wonten ing *Pendidikan karakter*, mila ingkang dipunbetahaken kangge ngiyataken pendidikan agami. Gegayutan kaliyan ngagungkaken pendhidhikan agami salah satunggalipun usaha damel ngrembakanipun *Pendidikan karakter* punika.

Gunawan (2012: 7-12) ngandharaken bilih *akhlak* maknaipun wiyar, saha njangkep babagan ingkang boten kalebet sipat lairiyah. Tuladhanipun wonten gegayutanipun manungsa kaliyan Allah, manungsa kaliyan pribadinipun piyambak, manungsa kaliyan tiyang sanes, saha manungsa kaliyan pabrayan.

Saking pamanggih-pamanggih wonten ing inggil, saged dipunpendhet dudutan bilih *Pendidikan karakter* yaiku proses mbimbing, nuntun, lan ngembangaken kodrat siswa kang ancasipun mbentuk pribadinipun siswa dados manungsa ingkang nggadhahi budi pekerti luhur, *akhlak* sae, lan tanggel jawab sosial. *Pendidikan karakter* boten namung ngandhut pasinaon kawruh, nanging ugi ngutamakaken *nilai-nilai* moral, spiritual, lan sosial kangge ing pabrayan saben dinten.

d. Pusat Kurikulum Kementrian Pendidikan Nasional

Miturut Zamroni (2011: 16), ngandaraken bilih pemerintah punika Badan penelitian dan Pengembangan, Pusat Kurikulum Kementrian

Pendidikan Nasional (Kemendiknas) sampun ngrumusaken babagan *pendidikan karakter*, ingkang ngrembag aspek-aspek antawisipun:

1. Religius

Religius inggih punika tindak-tanduk saha tumindak nindakaken ajaran agami ingkang dipunanut, toleransi kaliyan agami sanesipun, saha saged bebrayan rukun kaliyan agami ingkang sanesipun.

2. Jujur

Jujur inggih punika tindak-tanduk ingkang adhedhasar upaya supados piyambakipun saged dipunpitadosi wonten ing pangandikan, tumindak, saha pakaryanipun.

3. Toleransi

Toleransi inggih punika patrap saha tumindak ingkang ngormati agami sanes, suku, etnis, miturut tiyang, sikap, saha tumindak tiyang sanes ingkang beda kaliyan piyambakipun.

4. Disiplin

Disiplin inggih punika sikap utawi tindak tanduk ingkang mbetahaken tumindak mituhu lan netepi sedaya katentuan saha aturan ingkang sampun katetepaken.

5. Nyambut Damel ingkang Mempeng

Inggih punika tindak-tanduk ingkang nedahaken upaya ingkang nyata anggenipun ngrampungaken sedaya perkawis ingkang magepokan kaliyan panyinaon, kuwajiban, saha saged ngrampungaken kanthi sae.

6. Dregil

Dregil inggih punika wujud pamikiran saha tumindak ingkang saged ngasilaken cara utawi kasil ingkang sampun kasembadan.

7. *Mandiri*

Mandiri inggih punika sikap saha tindak-tanduk ingkang boten gumantung dhateng tiyang sanes anggenipun ngrampungaken kuwajibanipun.

8. *Demokratis*

Pamikiran, sikap, saha atindak ingkang *nilai* jumbuh kaliyan hak saha kuwajiban piyambakipun kaliyan tiyang sanesipun.

9. *Raos Pangertosan*

Inggih punika sikap saha tumindak ingkang upayanipun kedah kasinungan langkung jero ing sajroning awak piyambak ingkang sampun dipunsinau, dipuntingali, saha dipunrungokaken.

10. *Greget Kabangsan*

Semangat kabangsan inggih punika cara pamikir, tumindak, saha pangajeng-ajeng ingkang ngunggah-unggah kapentingan bangsa saha nagari tinimbang kapentingan pribadhi utawi kelompok.

11. *Tresna Dhumateng Bangsa*

Inggih punika cara pamikir, sikap, saha tumindak kasetyan, kapedulian, saha ngurmati mliginipun dening basa, pabrayan pisik, bebrayan, budaya, ekonomi, saha politik bangsa.

12. *Ngurmati Prestasi*

Inggih punika sikap saha tumindak ingkang wujudaken

piyambakipun saged ndadosaken ingkang nggadhahi gina saha jujur kaliyan ngormati nggayuh rampungipun ingkang sampun kagayuh kaliyan tiyang sanes.

13. Sabar

Inggih punika tumindak ingkang ningalaken raos remen pacelathon, bebrayan saha remen sami nyambut damel kaliyan tiyang sanes.

14. Tresna Tentrem

Tresna tentrem inggih punika cara tumindak saha pacelathon ingkang ndadosaken tiyang sanes raos nyaman lan aman.

15. Remen Maos

Remen maos inggih punika pakulinten ingkang nyisihaken wekdalipun kangge maos buku ingkang wonten boten remen.

16. Preduli Pabrayan.

Inggih punika sikap saha tumindak ingkang kedah upaya ngalangi rusak-ipun saking pabrayan alam saha ngembangaken upaya damel ngoreksi rusakipun alam.

17. Preduli Sosial

Inggih punika sikap saha tumindak ingkang kedah maringi pitulungan damel tiyang sanes saha pabrayan ingkang betahaken.

18. Tanggel jawab

Tanggél jawab Inggih punika sikap utawi tindak-tanduk tiyang anggenipun nindakaken kuwajibanipun, saking piyambakipun, bebrayan

kaliyan tiyang sanesipun, pabrayan (alam, sosial, saha budaya), Negari saha dhumateng Tuhan Yang Maha Esa.

e. Faktor Ingkang Mujudaken Karakter

1) Faktor Intern

a) Insting utawi Naluri

Insting inggih punika sipat utawa tindak-tanduk ingkang medal kanthi alami kanggé nggayuh ancas tartamtu tanpa kedah lumampah proses mikir rumiyin, sarta boten mbektahaken gladhen sakderengipun tumindak punika saged katindakaken (Ahmad Amin, salebeting Gunawan, 2012: 19). Tumindakipun manungsa punika lair saking kersanipun ingkang ngebahaken naluri. Ya'kub (salebeting Gunawan, 2012: 20) Naluri inggih punika tabiat ingkang dipunbeta wiwit lair punika asli saking piyambakipun. Ahli psikologi ndadosaken manungsa supados tindak-tanduk wonten ing dalem antawisipun naluri dhahar, naluri jodho, naluri ibu-bapa, naluri anggenipun anggayuh saha naluri nggadhahi Tuhan.

Naluri punika wonten ing diri manungsa lan magepokan kaliyan cara piyambakipun nggayuh papenginan punika. Naluri saged ndhatengaken manungsa dhateng kahanan ingkang asor (degradasi), nanging ugi saged ngangkat manungsa dhateng kabecikan menawi dipunarahaken lan dipun-ginakaken minangka tuntunan ingkang leres.

b) Adat utawi Pakulinan (*Habit*)

Salah satunggalipun bab ingkang mligi wonten ing tindak-tanduk manungsa inggih punika pakulinan, amargi patrap saha tindak-tanduk punika ndadosaken akhlak (karakter) gegayutan kaliyan pakulinan, ancasipun pakulinan inggih punika tindak-tanduk bolan-balen supados gampil dipuntindakaken. Faktor pakulinan punika lampahipun ingkang mligi anggenipun wujudaken saha nuntun *akhlak* (karakter). Gegayutan kaliyan pakulinan pramila manungsa kedah meksa piyambakipun bolan-baleni tindak-tanduk sae supados pakulinan piyambak saha wujudaken *akhlak* (karakter) sae.

c) Kekajenganipun (*Iradah*)

Kekajenganipun inggih punika kangge ngajengaken ide saha sedaya ingkang sampun dipunsedya, sanadyan kasembadan kaliyan rintangan lan kasukaran, nanging boten wonten ingkang ndadosaken piyambakipun purun nyerah dhateng alangan punika. Salah satunggalipun kekiyatan ingkang ndhukung ing wingkingipun tindak-tanduk manungsa inggih punika kekajengan utawi tekad ingkang kiyat (*azam*). Punika ingkang ndadosaken manungsa saged ngowahi tindak-tandukipun (akhlak), amargi saking kekajengan punika medal niat ingkang sae, awon, utawi tengahan. Tanpa wonten greget kangge nindakaken sedaya gagasan, kapitadosan lan kawruh ingkang dipun-gadhahi manungsa badhe dados pasif lan boten nggadhahi teges utawi pangaribawa tumrapping gesang ing

bebrayan.

d) Swanten Batos

Wonten dhiri pribadi manungsa wonten kekiyatan ingkang sakwekdal-wekdal paring isyarat umpami tindak-tanduk manungsa wonten ing ambang bebaya lan ala, kekiyatan kasebut inggih punika swanten batos (*dlamir*). Swanten batos ancasipun damel pangeling bebaya tindak-tanduk ala saha usaha nyegah, dipunsarengi dorongan supados nindakaken tindak-tanduk sae. Suwanten batos saged dipunlajengaken anggenipun ndhidhik saha dipuntuntun supados mlampah inggil wonten tingkatanipun rohani.

e) Katurunan

Katurunan inggih punika satunggalipun faktor ingkang saged ndadosaken tindak-tanduk manungsa. Wonten ing pabrayan lare-lare punika tumindakipun niru kaliyan tiyang sepuhipun saha simbah buyutipun, kadosta sampun tebih.

(1) **Sipat *Jasmaniyah***, inggih punika kekiyatan saha kalemahan otot-ototipun saha urat-sarap tiyang sepuh ingkang saged dipunwarisaken dening putranipun.

(2) **Sipat *Ruhaniyah***, inggih punika ringkih saha kiyatipun satunggalipun naluri saged dipunkiyataken kaliyan tiyang sepuhipun ingkang benjing ndadosaken tindak-tanduk lare kaliyan wayahipun.

2) Faktor Ekstern

a) Pendidikan

Ahmad Tafsir (salebeting Gunawan, 2012: 21) ngandharaken bilih pendidikan inggih punika usaha ningkataken dhiri wonten sedaya aspekipun. Pendidikan nggadhahi pengaruh langkung ageng wonten ing wujudaken karakter, akhlak, saha etika pribadi supados sae lan alanipun akhlak tiyang punika gegayutan kaliyan pendidikan. Pendidikan punika ndadosaken watekipun manungsa tindak-tandukipun trep kaliyan *pendidikan* ingkang sampun katindakaken formal, informal utawi non formal.

b) Pabrayan

pabrayan (*miller*) punika satunggaling ingkang saged nglebeti lan nglindhungi makluk gesang, kadosta tetuwuhan, bageyan-bageyan bumi, hawa, sarta sesambetan antawisipun manungsa kaliyan alam. Pramila, manungsa kedah gesang bebrayan, amargi ing gesang bebrayan punika kadadosan saling mengaruhi tumrap pamikirane, sipat, lan tindak-tandukipun.

c) Pabrayan Sipat Barang

Alam kalebet manungsa inggih punika faktor ingkang ndadosaken saha gambaraken tindak-tandukipun manungsa. pabrayan alam punika saged matengaken tukulipun bakat ingkang dipunbeta kaliyan manungsa.

(1) Pabrayan ingkang Sipatipun Rohani

Tiyang ingkang gesang wonten ing pabrayan sae, punika

lajeng saged mujudaken watekipun supados sae punika sami kaliyan, tiyang gesang wonten ing pabrayan kirang dukungan anggenipun wujudaken akhlakipun mila piyambakipun badhe sami kadosta pabrayan kasebat.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten inggih punika dening Reny Nawang Sakti taun 2013. Panaliten punika kanthi irah-irahan *Nilai Pendidikan karakter Novel Bumi Cinta Karya Habiburrahman El Shirazy dan Relevansinya terhadap Materi Pembelajaran Sastra*. Saged dipunpendhet wosipun: (1) novel Bumi Cinta nggadhahi *nilai Pendidikan karakter* ingkang dipunpendhet damel panaliten skripsi; kaliyan (2) novel Bumi Cinta saged dipunginakaken kangge pasinaon akhlak. Panaliten ing inggil kaanggep jumbuh amargi wonten bab ingkang sami, inggih punika *nilai Pendidikan karakter*. Ananging bedanipun panaliten punika implementasinipun *nilai-nilai pendidikan* tumrap *Pendidikan karakter* siswa SMP.

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten punika nggih punika dening Ahmad Faisol taun 2015. Panaliten punika kanthi irah-irahan *Nilai-Nilai Pendidikan karakter dalam Novel Study Tentang Pendidikan karakter pada Novel Laskar Pelangi Karya Andrea Hirata* saged dipunpendhet wosipun: (1) novel Novel Laskar Pelangi nggadhahi *nilai Pendidikan karakter* ingkang dipunpendhet damel panaliten skripsi; kaliyan (2) novel Laskar Pelangi saged dipun-ginakaken kangge pasinaon akhlak. Panaliten ing nginggil kaanggep jumbuh amargi wonten bab ingkang sami. Bab ingkang

sami inggih punika *nilai Pendidikan karakter* (akhlak,karakter,etika).
Ananging bedanipun panaliten punika *Implementasinipun nilai-nilai pendidikan* tumrap *Pendidikan karakter* siswa SMP.

C. Cengkronganing Pamikir

Pamikiran punika medal saking asiling analisis novel *Lemah Teles*. Ing salebeting novel menika, pabrayan ingkang dipunamatani, dipuntelaah, lan dipunrefleksikaken dipunwujudaken lumantar basa ingkang estetis lan etis, sahéngga manéka prakawis ingkang asring kadadosan ing gesang bebrayan saged katingal cetha wonten ing karya sastra punika.. Salajengipun panaliti badhe gambaraken pola gayutanipun *objek* kaliyan panaliten wonten ing cengkronganing pamikir:

Gambar 1. Cengkronganing Pamikir

